

Ki dwa mwen genyen?

Dwa pou aplike pou tout benefis ak sèvis yo

Pou konnen si ou elijib pou resevwa Asistans Piblik (Public Assistance, PA), Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Pwogram Asistans Enèji Lakay (Home Energy Assistance Program, HEAP), Gadri ak/oswa Medicaid ou ka aplike nan biwo sèvis sosyal ou, oswa soumèt yon aplikasyon sou entènèt nan myBenefits.ny.gov. Si ou abite nan youn nan senk awondisman Vil New York yo, ou ka aplike nan Sant Aksè pou Benefis lokal ou oswa sou entènèt nan www.nyc.gov/accesshra.

Dwa pou aplike pou Asistans Piblik Ijans

Si ou ap resevwa Asistans Piblik (PA) epi yon ijans prezante, pale ak travayè w la touswit. Si ou p ap resevwa Asistans Piblik (PA), ranpli yon aplikasyon epi di yon travayè ke ou gen yon ijans. Y ap pase ou fè entèvyou konsènan ijans ou an menm jou a.

Dwa pou sèvis depistaj ak sèvis espesyal si ou ap eksperimente vyolans domestik

Gen sèvis gratis ki disponib pou tout moun, avèk oswa san timoun, pou ede yo ak vyolans fizik oswa emosyonèl, oswa menas vyolans fizik oswa vyolans emosyonèl ke yon manm fanmi oswa manm aktyèl oswa ansyen manm nan kay la fè. Pa gen limit pou resevwa sèvis sa yo.

Ou ka rele yon liy asistans gratis 24 sou 24 pou enfòmasyon sou sèvis yo, sa gen ladanabri ijans, gwoup sipò ak konsèy. Sèvis sa yo ap ede ou menm ak pitit ou rete an sekirite. Pou jwenn enfòmasyon ak rekòmandasyon bay founisè sèvis vyolans domestik lokal ou:

Nan Vil New York rele 1-800-621-HOPE (1-800-621-4673).

Nan nenpòt lòt zòn nan Eta New York rele Liy Asistans pou Vyolans Domestik Eta NY la (NYS Domestic Violence Hotline) nan 1-800-942-6906, Tèks 844-997-2121, oswa konvèse sou <https://opdv.ny.gov>.

Si w pa an sekirite lakay ou, ou ka elijib pou resevwa egzansyon sèten kondisyon pwogram PA. Mande pou w wè Lyezon Vyolans Domestik (Domestic Violence Liaison, DVL) la pou plis enfòmasyon sou fason pou w jwenn egzansyon sa yo.

Dwa pou poze kesyon sou swen pou timoun

Asistans pou gadri ede yon paran (yo)/moun k ap okipe timoun ki bezwen gadri pandan y ap travay, ap chèche travay, nan yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon ak lòt sikonstans espesifik peye pou kèk oswa tout depans gadri.

Ou ka aplike lè ou rele oswa vizite distri lokal ou a epi mande yon pake aplikasyon. Si ou abite nan Vil New York epi ou nan PA oswa w ap aplike pou PA, rele oswa vizite Sant Aksè pou Benefis lokal ou a. Si w ap aplike sèlman pou asistans gadri, rele liy asistans pou enfòmasyon Vil New York la nan 311.

Dwa pou sèvis lang gratis

Sèvis asistans pou lang yo disponib gratis pou pwogram benefis ak sèvis yo.

Dwa pou yon avi alekri ki apwopriye

Si distri a jwenn ou pa elijib pou pwogram ak benefis ou te aplike pou yo, li deside ke benefis ou yo ta dwe redui, oswa ka w la ta dwe fèmen, w ap resevwa yon avi alekri pou mete w okouran de aplikasyon w lan ak/oswa nenpòt chanjman ki fèt nan benefis fanmi w.

Dwa pou Odyans Ekitab

Ou gen yon dwa ak yon Odyans San Patipri si yo te refize w PA, SNAP, HEAP, Medicaid oswa asistans pou Gadri; si yo te kanpe, sispann oswa diminye benefis ou yo, oswa si ou pa dakò ak kèk lòt desizyon distri sèvis sosyal lokal la.

LDSS-5208-HA (Rev. 10/23)

